A	Lha nggih, waune nggih. Jenenge wong rumah tangga kui ko ora cuman seneng, tapi kudu tanggung jawabe gede. Begene kui masalah muda wes ora cara muda. Wes cara tua. Tapi sanjange wes siap.
Q	Nek Efi termasukke nurut kalih bapak nopo pripun?
A	Lha niku, wong nyatane ngedrel bae ya kepripon si ya, hahaha. Nderek sing jaler. Kan repot.
Q	Berarti sing nyuwun menikah riyin Efi kalih calone nggih?
A	Nggih, wong Efi “nyong seneng karo kae, keprige” yawes. Keprige, enggane wes mateng temenan, garep keluarganan yawes ora papa.
Q	Teng mriki kan wonten contoh pernikahan muda mungkin sing apik nopo sing kirang apik, nah niku biasane cerita mboten kalih Efi ngge conto ngaten?
A	Nggih waune nggih, kadang-kadang kalih lare li ngomongi kae sing jengenge wes nikah, kaya kae. Karepe nek jenenge wong nikah, nek ora kaya ngana dadine kan ya ngerti dewek jenenge wong tua ngguyak kebutuhan kan mbanting tulang, nek ora pada-pada seneng ya keprige. Kudune ya sing pancen seneng lahir batin.
Q	Nyuwun sewu niki, nah bapak kan sampun membesarkan anak. menurut bapak anak kedah balas budi kalih keluarga ngaten mboten sih?
A	Ya kulo si lah, intine wong keluarganan. Intine mpun bahagia si, kulo kan mpun seneng. Mpun kados niku tok. Nyuwune kan jodo.
Q	Berarti niki Efi nderek suami?
A	Nggih nderek suamine, tapi li anu teng ndalem ditinggal piyambak. Niko suamine teng Jakarta.
Q	Tapi sering mriki?
A	Ya nggih cogan mriki sewulan ana ping pira lah.
Q	Menurut bapak pernikahan muda suatu hal yang baik sing harus dilakukan nopo mboten pak?

A	Ya jane sih, sae-sae mawon. Tapi ya wong wes dijaluk. Jane ya kudune sing mpun umur. Tapi nyatane lah ngedrel niku. Malah sekolahe ajeng mbolos nopo pripun kan, mboten sekeco kalih lingkungan mriki ya apa boleh buat ya. nikah bae.
Q	Daerah mriki sampun wonten sosialisasi pernikahan dini dereng pak?
A	Dereng wonten niku
Q	Nggih sampun sih niku kulo sampun taken-takene. Maturnuwun sanget, pangapunten dados ngerepoti.

Transkrip Wawancara Orang Tua Ikeyasa

1. Transkrip Wawancara Informan Ibu (Partilah)

Q	Asmanipun sinten bu?
A	Partilah
Q	Usiane pinten?
A	32
Q	Pekerjaane bu?
A	Tani
Q	Tapi kagungan tanah piyambak bu?
A	Ya nggih
Q	Alamat mlebete pundi berarti bu?
A	Wanaraja, RT 3/3
Q	Nyuwun sewu, pendapatan sebulane pinten bu?
A	Sami kalih bapake lah, dicampur niku kulo kalih bapake. Sedina nek kulo 50 paling
Q	Ibu ngertos nggih bu usia minimal menikah ngge perempuan pas jamane Ika?
A	Nggih ngertos sih mba, 16 bilih. Tapi wong sampun runtang-runtung. Mrika dijeki nonton nopo nopo lah. Lha nek sampun dijodokaken kan sampun.
Q	Nek ibu setuju kalih menikah muda mboten?
A	Ya jane si mboten setuju, pingine sekocal malih
Q	Tapi kadosé Ika kagungan keinginan ngge ngelanjutake sekolah nopo mboten bu?
A	Ya waune si nggih, tapi wong anu elah tasih sekolah kelas 2 niko sampun dipacari carane lah. Dadine kan wong tua angel, sing lanang ngenteni setahun nganti kelas 3. Nek ngriki kan wong tua nek wes 2 tahun, 3 tahun kan curiga mbak. Lha curigane, wong sampun pacaran. Mbok ngerobohna iman lah
Q	Ibu mengarahkan Ika supaya sekolah mawon nopo pripun?
A	Ya inggih
Q	Terkahir sekolah nopo berarti Ika?
A	Ika ya SMP

Q	Nek ibu nopo terakhir sekolahe?
A	SD mbak
Q	Sing nyuwun menikah sinten bu?
A	Ya jane kalih-kalihe lah, Ika kalih sing jaler. Keluargane nggih sepakat, setuju
Q	Tapi berarti ibu setuju kalih pernikahane Ika bu?
A	Ya setuju mawon lah mbak, pripun malih. Melas. Teng mriki kathah si mbak, wong sing lulus SD 13, 14 tahun be wonten mbak. Dereng wonten sing 20, 19, jan langka.
Q	Lha ibu pinten usiane pas menikah?
A	Kulo 14
Q	Pas jamane ibu sidang-sidang mboten?
A	Mboten lah, langsung ijab kulo. Waune kathah si sing 13 tahun mpun langsung diijab. Jane saene 19, 20 si mbak, jane si kados niku jane. Nek wes dewasa kan ngertos pripun rumah tangga, mpun saged mikir, nek nikah dibawah umur kan anu mur kur seneng. Lah wong kulo kalih bapake be mberuh mbak, mbiyen. Hehehe, sing penting manut kalih suami
Q	Sebelum Ika menikah, ibu ngendikani Ika supaya nikah mawon nopo pripun?
A	Asline si ya tak ken sekolah riyin mbak. Tapi ya larene sampun pripun niku lah, mpun ketemu kalih sing jaler sih
Q	Nek keluarga cukup nggih nek misale Ika ngelanjutaken sekolah malih?
A	Ya si InsyaAllah cukup mbak, seanane lah. Maksude li mboten menikah merga ekonomi. Kulo mending Ika sekocal riyin lah mbak jane sih.
Q	Nek faktor agama ngaten, kados wedos zina nopo wedos fitnah memengaruhi supaya cepet nikah mawon mboten bu?
A	Ya wedos lah nek niku mbak
Q	Lingkungan sekitar mriki mendukung ngge menikah muda mboten?
A	Ya jane wong akeh sing mbojo enom si ya, dadi pada melu-melu nopo nggih mbak
Q	Nyuwun sewu, nek anggapan tentang “perawan tua” tasih wonten mboten bu?

A	Mboten wonten si mbak, soale teng mriki kathah-kathah pada mbojone tasih enom. Wong nembe lulusan SD ka mbak, alah nek teng mriki kados niku. Wong SMP ka sampun carane “dicup-i” anu sing dicepaki terus si mbak karo sing lanang, dados kan wedi ya wong tua.
Q	Ibu ngertos perasaane Ika pas menikah? Seneng nopo pripun?
A	Seneng lah, anu wong pancen seneng soale larene sing nyuwun.
Q	Ibu nggih seneng nggih?
A	Ya ndherek seneng lah
Q	Berarti Ika saniki ndherek suamine?
A	Nggih nderek suamine niko teng ngriko
Q	Tapi tasih sering ketemu bu?
A	Ya ketemu lah, wong cokan li sewulan sepindah nopo pindo lah mriki
Q	Misale Ika mboten segera menikah, nopo sing ditakutkan sih bu?
A	Yaa nek mbokan ana sing ora-ora. Bocah kan amur-amur mbak, kadang kan cepak angger cepak kan kadang kepripun, bilih wonten nopo-nopo sing ditakutkan si pripun kulo wedos
Q	Berarti Ika kalih suamine ketemu piyambak nggih?
A	Nggih, mboten dijodokna lah mbak. Lare saniki nek dijodokna mboten purun bilih si, anu kemauan anake.
Q	Sing diharapaken kalih pernikahane Ika nopo bu?
A	Yaa, supaya bahagia, jodo, seneng. Wes ora runtang-runtung lah mbak, wong tua dadi melu seneng nek anake seneng juga. Tambah-tambah mpun gadah lare, ya wes anu seneng sanget
Q	Berarti pernikahan usia muda teng mriki wajar bu?
A	Nggih niku wajar teng mriki lah kathah
Q	Wingi kan berarti sing nyuwun dispensasi pernikahan teng pengadilan agama, sidang niku bapake nggih bu? Ibu ndherek mboten?
A	Kulo mboten lah, bapake tok sing tindak
Q	Niku ture bapake ewed nopo gampil bu?
A	Ya ture si gampil niko ping 2 nopo 3 nggih

Q	Nek ibu, peduli kalih omongan tetangga mboten bu? biasane kan wonten tetangga sing beranggapan nopo, ngaten?
A	Mboten lah, cuek mawon mbak kulo si. Misal wonten sing ngendika isih enom ka wes dibojokna, lah ya mboten wong teng mriki kathah sing kados niku malah.
Q	Sebelum Ika menikah, ibu kalih Ika ngobrol-ngobrol ngaten?
A	Ya kadang si nggih, ngobrol, dongengan nopo
Q	Biasane ngobrolaken nopo mawon bu?
A	Ya sekolah, terus padane kancane kaya ngene kaya ngene mak..
Q	Berarti cerita tentang rencang-rencange nggih bu? teng sekolah wonten kegiatan nopo mawon cerita bu?
A	Nek teng sekolah ceritane ya cokan si ya ora mesti
Q	Nek tentang percintaan ngaten biasane cerita mboten bu? curhat nopo pripun?
A	Hehehe, nek niku kadang si inggih mbak tapi ya kadang mboten. Ceritane kalih kulo, nek kalih bapake kadang isin sih ya mbak. Kadang kalih kulo ya nggih cerita niko, kados niki..
Q	Teras ibu pripun response, nopo memberi saran nopo mendengarkan mawon nopo pripun bu?
A	Ya response priwe ya, nek cerita tiyang jaler ya biasane tak domongi “lah aja kaya ngono ndingin lah, wong isih sekolah ka, sing difokusna sekolahe ndingin lah men carane lulus ndingin keprige. Carane kan wes ketemu wong lanang ka ora fokus, mending aja mikir kaya kui ndingin, sekolahe dipikirna ndingin. Nek bisa diusahakna ngasi SMA
Q	Berarti ibu juga memberikan solusi nggih.. nek Ika biasane cerita mboten kepingine nopo, nopo cita-cita ne badhe nopo?
A	Ya niku, Ika cita-citane pingin sekolah malih. Tapi lah ya sing nggenah ya niku lah mbak, wong mbarang SMP malah disenengi wong kan kene kan mikir. Mbarang sing lanang gelem nunggu ya jodone, mbarang ora ya sekolah maning. Keri sing lanang gelem nunggu, ora ketang ngasi setahun. Kelas 2 niku mbak, mpun pacaran kalih mpun dilebeti mriki. Dadi kan kene prige si lah ya..

Q	Nek sebelum Ika menikah, Ibu menawarkan Ika badhe menikah, nopo sekolah nopo bekerja nopo pripun?
A	Nggih, tak tawaraken sampun niku mbak
Q	Ibu biasane cerita tentang mangke kehidupan setelah menikah niku pripun pripun mboten?
A	Ya nggih cerita, kadang kulo kaya ngene “angger dadi wong tua kaya ngene-kaya ngene, pusing, tapi keprige ora ngurusi, nyatane wes mbojo saniki mbak. Lah kados niku kan. Terose sing penting sing lanang tanggung jawab, mak. Kados niku ture Ika kan kulo mpun jan lah terserah mawon. Ko iya, nyong ya iya kaya ngono. Larene ya mpun siap lah carane dadi wong tua lah, hahaha
Q	Kan berarti mpun dados isteri, Ika kagungan tanggung jawab ngaten nggih bu. nah sebelum menikah niku ibu ngendikani Ika mboten?
A	Ya nggih, kados niku lah. Wong wadon ya kudu manut karo wong lanang, nerima apa anane, mbarang kadang mangan, nyandang, wong tani kan ora mesti sih mbak, mbarang setithik pangan setithik, akeh pangan akeh, enak ora enak ya apa anane lah. Kados niku sih mba, nek wong tani.
Q	Nggih bu.. berarti Ika termasuk nurut nopo pripun bu?
A	Ya nurut, niko tiyang nurut. Mulane carane kulo ya mantep larene ya mantep, dadose kan mpun kaya ngono.
Q	Berarti nggih niku permintaan menikahe saking Ika teras ibu setuju nggih bu? nopo ibu nyuwune supaya menikah mawon nopo pripun bu?
A	Mboten lah, pingine sekolah malih sih jane mbak
Q	Ibu berarti kan sing lewih sering ngobrol kalih Ika nggih? Teng mriki kan mungkin wonten conto sing sampun menikah muda, mungkin wonten sing sae wonten sing kirang sae nggih bu, nah niku ibu biasane ceritakaken kalih Ika mboten bu?
A	Mboten lah nek niku, Ika mpun ngertos piyambak niku lah mbak.
Q	Menurut Ibu pernikahan usia muda suatu hal sing sae, sing kedah dilakukaken nopo mboten bu?

A	Ya nek carane kulo nek usia sing isih cilik ya kurang si mbak, ya setunggale resiko, kepindone isih sidang, ketelune kan kadang-kadang resikone kan ora mestikna, kayaha si setahun rongtahun durung hamil mbak. Lha nek terus hamil? Carane kan nek wong melahirkan kan kayaha wong sing kudune mpun dewasa. Tapi nek tiyang mriki, kui umum 14 tahun 15 tahun wes nikah. Mbarang ka padane hamil apa prige, jaman siki kan wes gampang mbak, saniki wes bisa Caesar mbak. Kan ceritane kados niku mbak nek tiyang mriki. Lha carane wong wes jodo, pindone ya anu wes runtang-runtung, mrana mreng, dadi wes angel. Wong tua ya manut, mengko wong tua ya padane ya bodoa, anake ya keprige wong nyatane wes pada-pada seneng akhire ya wes lah anak wadone diserahna.
Q	Oh nggih bu.. berarti ibu cerita kalih sedherek nopo kerabat nopo kalih sinten ngaten? Ibu seneng akhire anake sampun nikah?
A	Ya nggih, wong kadang kan malah kerabate ana sing “jan lah nyong ka kayane anake ka durung, ka ya ngono palah uwis. Alhamdulillah. Ya dongakna ben gelis” kui malah kaya ngono si mbak, anehe palah kaya kui tiyang mriki. Kerabate niku ya palahan, nek ngriki sampun palahan “ya seneng yo anake wes dinikahi yo, anake nyong ka durung, si kapan ya” kui umum teng mriki, wong tani kados niku. Nek padane wong mikir, lah ya poran lah nek wes dadi penganten. Tapi tetepe isin mbak, sebabe wong kene. Carane wong li pada takon-takon kene uwes, kana uwes, lah kan ya kepripun, wong due anak wadon kan keprige kan kadang kono wes umur. Lha wong nyatane wong tani. Lha wong tiyang kota wonten sing gumun kalih Ika wong tasih enom banget wes due anak yo. Gugup temen, wong paling bocah kon pada sekolah ndisit ka malah.. carane larene dereng kenalan karo tiyang jaler niko jan ya kulo si pingine ya sekolah malih lah niko Ika, nggih. Minimal 20 tahun lah, dadine gampang karo njaga resiko lah mbak..
Q	Nek teng daerah mriki mpun nate wonten sosialisasi tentang pernikahan muda nopo dereng bu?
A	Dereng nate wonten si sengertine kulo mbak
Q	Nggih bu... nggih sampun bu niku mawon sing kulo tangled-tangledi bu. maturnuwun sanget, pangapunten kulo dados ngganggu niki enjing-enjing mriki..
A	Mboten nopo mbak..

2. Transkrip Wawancara Informan Ayah (Darsono)

Q	Nyuwun sewu, asmane pak?
A	Darsono
Q	Usiane pinten pak?
A	40
Q	Pekerjaane nopo pak?
A	Tani
Q	Tapi kagungan tanah piyambak?
A	Nggih
Q	Mriki mlebeta daerah pundi pak?
A	Wanaraja, RT 3/3
Q	Nyuwun sewu, kinten-kinten sewulan pendapatane pinten? Nopo biasane per dinten?
A	Anu, ya 50 ewu lah.
Q	Berarti 1,5 juta wonten pak? Nopo 2 juta?
A	Nggih kadang 1,5 juta, kadang 2 juta. Mboten mesti si mbak
Q	2,5 wonten?
A	Lah ya mboten
Q	2 juta nggih kinten-kinten?
A	Nggih sementen lah mbak
Q	Berarti niki Ikayasa sampun menikah berapa lama pak?
A	1 tahun punjul mbokan ya
Q	Pas menikah usia pinten tahun pak?
A	16 nopo nggih, kulo sidang si
Q	16 kirang nggih pak?
A	Nggih
Q	Bapak ngertos usia minimal pernikahan ngge perempuan pas jamane Ika?
A	Lah mboten ngertos

Q	Nek bapak setuju putrine bapak menikah muda pak?
A	Ya setuju, wong mpun brendane seneng sih. Nggih pripun timbangane rungtang-runtung, ngantos nderek sidang.
Q	Ika kagungan keinginan ngge melanjutkan sekolah nopo mboten pak?
A	Mboten, mboten
Q	Kenapa si pak?
A	Lah wong niku sampun gadah putra nggih mboten lah mbak
Q	Nek pas mbiyen sebelum menikah pak?
A	Oh, ya mboten sih mbak
Q	Berarti luluse nopo?
A	SMP
Q	Berarti SMP sampun lulus pak?
A	Nggih sampun
Q	Tapi bapak mengarahkan Ika supaya sekolah mawon mboten?
A	Nggih waune, tapi wong anu sampun rungtang-runtung nggih pripun. Goncang kalih niku lah
Q	Sing nyuwun menikah sinten pak?
A	Ya saking niku lah, sing ngelampahi. Kalih kulo nggih sampun curiga lah. Kados niku lah, pripun malih. Tiyang saniki mbak, tiyang sepuhe kudu pripun lah kudu kados niku.
Q	Berarti bapak menyarankan ngge supaya nikah mawon?
A	Nggih
Q	Sing nyuwun Ika nopo bapak?
A	Lah jane ya niku kalih-kalihe niku lah, mpun rujuk, mpun seneng.
Q	Bapak wonten ngendika sekolah mawon, nopo mbojo mawon?
A	Ujare kulo si sekolah riyen
Q	Oh, ngaten. Teras?
A	Ya mpun niku, akhire sidang-sidang

Q	Nek faktor ekonomi memengaruhi supaya Ika cepet nikah mawon mboten pak? Maksud nek menikah kan Ika sampun dados tanggung jawab suamine nggih. Nek misale Ika mboten nikah rumiyin, tasih berkecukupan nggih pak?
A	Lah ya jane si cukup, dicukup-cukupe ya cukup. Kemampuane kulo nek Ika dereng nikah si lah, semampu-mampune kulo saged nyukani niku lah.
Q	Nek faktor agama memengaruhi supaya Ika cepet nikah mboten? Kados wedos zina ngaten nopo fitnah?
A	Nggih lah wedos zina
Q	Nek lingkungan mriki mendukung ngge menikah usia muda?
A	Mboten sih lah jane
Q	Tapi kathah sing menikah muda daerah mriki?
A	Nggih kathah niku, sejujure kathah sing sidang-sidang, mbak. Kathah. Daripada membahayani, suka di... walaupun sidang mbak. Di bawah umur tetep sidang, teng pengadilan.
Q	Oh nek bapak menikahe usia pinten?
A	23
Q	Pak, nek anggapan tentang “perawan tua” tasih wonten mboten teng mriki?
A	Lah mboten enten
Q	Tapi nek misal 20 dereng menikah-menikah ngaten?
A	Lah jan, teng mriki mboten wonten si. Rata-rata di bawah umur terus
Q	Oh ngaten, nek bapak ngertos mboten nek Ika seneng, bahagia ngaten kalih pernikahane?
A	Ya seneng, wong saniki sampun gadah putra lah.
Q	Bapak juga seneng nggih, akhire putrine sampun menikah?
A	Ya inggih seneng lah. Niki mbak sekolah nopo priyun si?
Q	Inggih pak, kulo saweg sekolah niki kulo tangled-tangled ngge carane penelitiane kulo. Ngge tugas akhir, supaya lulus pak.
A	Oh nggih
Q	Nek misale Ika mboten segera menikah, wonten sing bapak takutkan mboten?

A	Nggih mboten, jane si masalah kados niku mboten menakutkan tapi li kadang wong ngger brendane pada-pada seneng li, terpaksa lah. Terpaksa ya dijalani pernikahan, mbak.
Q	Sing maksa sinten? Maksud dipaksa wau niku saking sinten?
A	Dipaksa pikirane piyambak mbak, Ika ne niku. Kulo kan ngalah, daripada runtang-runtung berbahaya. Kenalan kawit kelas 2 sampe kelas 3, setahun. Nunggu niku mbak, kawit sekolah niku sampun seneng, dilamar lah. Sing jaler purun nunggu.
Q	Nek sing jaler usiane pinten?
A	21 tahun. Lah teng mriki kathah si mbak, sing di bawah umur 17, pada sidang ka. Jane si kudune ora oleh, tapi ya prige. Tapi ya ndun melalai, ya timbang kasi.. wong ndesa si ya mbak, nyuwun sewune anu wong ndesa rata-rata kados niku.
Q	Berarti Ika ketemu kalih suamine niku, ketemu piyambak nopo dijodohna pak?
A	Piyambak, nggih lah jaman saniki dijodohaken mboten purun. Sugiha mbanget, nggantenga mbanget nek ora seneng mboten, mbak. Lorone brayan seneng. Wong tua manut. Nek ora setuju mbok priwe anu wes pada seneng, mbok ngko akhir-akhire sing kecewa tiyang sepuh, nek wong tua ora ngeestuni. Nek hamil ditinggal, malah repot? Kebanyakan kados niku si mbak
Q	Nopo teng mriki kathah pak?
A	Ya mboten, tapi kan li nganu lah
Q	Tapi wonten?
A	Nah ya wonten, mbok ya mending meng pengadilan. Sidang mung kur ngantos ping kalih rampung
Q	Oh ya berarti sidange gampil pak?
A	Ya gampil lah, wong anu pemerintahan kan bisa diatur lah, due kebijakan lah. Sidang rampung, del langsung ijab. Mpun kados niku tok.
Q	Mboten dipersulit ngaten nggih pak?
A	Nggih mboten, nek dipersulit ya ora eman rakyat lah. Wong jenenge pemerintah ora mengadilkan ye prige. Segala permasalahan bisa diadilkan, soale Negara hukum. Hukume ya sidang niku, rampung ya rampung Negara Indonesia

Q	Nah pak, Ika kan sampun menikah. Nopo sing bapak harapkan kalih pernikahane Ika?
A	Lah ya berharape niku mpun runtang-runtung. Berharap niko-niko mboten. Mbarang berarti seneng, bocahe lanang kui tanggung jawab karo anake nyong yawes. Tangung jawab makani, membutuhkan apa, nggih sampun kulo ya mboten mikir mengharap masa depane pripun, mboten mbak. Mikire mpun brayan seneng, tanggung jawabe enten nggih sampun. Intine wong perjodoan sing penting tanggung jawab. Tanggung jawab nafakahi, kebutuhane wong wadon ya sampun. Masalah sing lain-lain mboten ngertos, Gusti Allah sing ngatur. Rezeki ndep nduwure Gusti Allah sing ngatur, sing penting tanggung jawabe enten, usaha sekuat tenaga ya sampun. Nopo hariane 50 ewu, 25 ewu sing penting menyukupi, 1jutaha nek mlebone ora teratur ya mboten cukup mbak. Macem-macem pengleburan, kebutuhan wong wadon.
Q	Berarti teng mriki pernikahan usia muda wajar pak?
A	Nggih, teng mriki wajar. Mayoritas, kecamatan Wanayasa mayoritas. Katah sing menikah bawah umur. Sekolah, SMP lulus, nikah, SMP kelas 2 nikah. Ramen mbak, benten kalih nggen mbake teng Banjar, ngantos kuliah men dewasa karo pikiran. Niku teng mriki mboten mbak, terus terange ya kados niku lah.
Q	Berarti niki Ika pas menikah sampun lulus dereng?
A	Mpun lulus
Q	Oh setelah lulus niku langsung?
A	Iya, paling ya teng mriki lanjutane sekocal niku mbak. SMP lulus mbojo.
Q	Bapak peduli nopo mboten tentang pendapat tetangga? Maksud mungkin biasane wonten tetangga sing ngendika nopo tentang keluargane bapak ngaten..
A	Lah ya mboten lah, cuek mawon. Ana sing ngarani, ya ora papa lah, sidang apaha wong wes runtang-runtung kaya ngana, wajar lah wong ramen sih katah teng mriki wong ora kur siji, loro sing menikah di bawah umur. Kebanyakan kados niku lah. Mbake anu lagi ngelanjutna sekolah. Ya paringna sukses lah, lulus, isuk-isuk wes berjuang sekang kana, anyis.
Q	Heheh nggih pak maturnuwun. Pas ika sebelum menikah, ketemu saben ndinten mboten kalih bapak?

A	Ya kepangge lah.
Q	Biasane selalu ngobrol-ngobrol mboten pak?
A	Lah ya jarang, paling karo bizunge ngobrole. Termasuke ya jarang lah.
Q	Tapi ngobrol mboten pak? Bapak taken-taken nopo?
A	Ya jarang lah mbak, nyong ngertine sekolah, terus sangoni, tak tinggal kerja nggih sampun.
Q	Berarti jarang cerita-cerita kalih Ika?
A	Nggih jarang
Q	Nek cerita tentang percintaane Ika kalih bapak?
A	Nggih mboten lah nek kalih tiang sepuh. Rahasia.
Q	Nek tentang sekolah kadang cerita pak?
A	Nggih kadang cerita nek sekolah, ajeng tes, nopo ne kana olahraga nopo. Paling ya kados niku, kulo ya nggih mpun kulo mboten mikiraken niku, sing penting kulo saged nyangoni ya mpun.
Q	Nek pertemanane Ika, biasane cerita mboten pak?
A	Ya nggih si kadang, dolan-dolan nggen rencange, ya wajar lah mbak.
Q	Nek minat, kesenengane Ika ngaten pak? Biasane cerita mboten?
A	Lah niko mboten cerita lah, lha wong anu tiyang mboten gadah mbak.. mboten mengharuskan dados nopo, sewontene mawon. Diterima lah, carane pikir lah wong tuane kaya kiye, ora terlalu menekan mengharuskan kudu kaya kiye kaya kui
Q	Tentang kesehatane cerita nggih?
A	Ya cerita lah, kalih tiyang sepuh ya cerita otomatis. Nek mboten sinten sing bade ngobati lah. Wong tasih sekocal, kecuali nek sampun mandiri lah
Q	Lha biasane bapak ngerespon ceritane Ika pripun? Memberi solusi nopo didengarkan mawon nopo pripun?
A	Lah jane niku lah wong wadon rata-rata karo wong tua lanang jarang cerita lah, seringe karo biyunge
Q	Berarti jarang nggih pak cerita tentang keinginan, nopo cita-citane Ika?

A	Nggih lah jarang, waune cita-citane kulo ben Ika sekocal mawon mbak, nganti SMA. Tapi malah kecantol kalih tiyang jaler, dados mboten konsen. Teng mriki rata-rata kados niku mbak, benten kalih sing teng kota-kota. Teng dusun-dusun mayoritas dibawah umur wes nikah. Sekolahe ora bisa lepas nganti SMA, paling SMP. Wong kelas 2 be wes dilamar tiyang. Ajeng pripun. Katah niku mbak.
Q	Sebelum menikah, bapak menawarkan Ika ngge milih badhe sekolah nopo menikah?
A	Ya nggih kados niku. Tapi ya priwe maning, wes kenal wong lanang dados sekolahe mboten konsen ya kaya kui sing mau tak ceritakna mbak. Wes pikirane terguncang karo wong lanang, diapeli, kene juga kan kepikiran. Wes kecantol karo wong lanang, pikirane wes ora focus maning sekolahe. Mbokan pilihane ora tepat, sekolah ngomonge ngasi sore, apamaning jaman siki gawanane Honda, bali wengi. Sing curiga otomatis kan wong tua mbak, ngko jangan-jangan bocah keprimen. Wong tua kecolongan, kebanyakan kados niku mbak. Sekolah malah meteng. Kebanyakan mbak
Q	Teng mriki kados niku nggih pak?
A	Ya enten lah. Nang kos.. saniki segampang niku mbak
Q	Sebelum Ika menikah, bapak biasane cerita tentang kehidupan pernikahan mboten pak? Pernikahan niku kados niki niki niki...?
A	Mboten lah, paling ya ngomongi nek pernikahan ya secukupe bae mampune priwe. Sampun. Nek sekolah kan mending, bisa menata pikiran. Nek ora sekolah, kudu kaya ngene.. nek sampun sekocal kan mending, mampu mikiraken nopo-nopo, pengalaman.
Q	Tapi bapak ngendikani Ika pernikahan niku mangke pripun?
A	Ya otomatis, wes ana sing tanggung jawab ka. Istilahe sing lanang jibaku. Carane jibaku nafakahi yawes.
Q	Niku Ika kan saniki kagungan tanggung jawab sebagai istri. Nah bapak sebelumnya ngendika kalih Ika mboten, tentang tanggung jawab istri kedah pripun?
A	Ya nggih lah, sing penting menerima apa adanya lah. Secukupe bae, gari ngatur kebutuhan wong wadon lah.
Q	Bilih masak, nopo ngumbai nopo pripun? Bapak biasane ngendikani mboten?

A	Iya mboten usah diceritani sampun ngertos lah niko.
Q	Ika termasuk nurut nggih pak?
A	Nurut sih niko. Mpun kepangge kalih Ika?
Q	Dereng pak, kulo wawancarane bapak kalih ibu mawon. Lha Ika saniki teng pundi pak?
A	Tumut sing jaler, mrikine ya cok sewulan pindo mbokan ya. Semoga mbake lulus, bisa nemu solusine pernikahan muda prige
Q	Aamiin, nggih pak. Lha niku biasane Ikayasa telfon nopo pripun?
A	Nggih cokan ya ngriki sing ngebel. Kulo malah sekolahe SD mawon mboten lulus mbak, kelas 3 mboten sekocal malih. Nulis be mboten saged, maca be setitik-setitik. Kulo li waune anu tiyang mboten gadah lah mbak, sekolah kan biaya. Saniki kan mpun makmur mbak, sekolah mpun gampil.
Q	Tapi Alhamdulillah saniki sampun berkecukupan nggih pak?
A	Ya berkecukupan, tenaga paha banting tulang lah. Bali sore, nek kesel biasane awake pada sakit ora bisa merem. Ya dimaklumi bae lah, takdire kaya iki. Niki berarti mbake penelitian tentang perkawinan muda? Lah jan anu teng mriki ya wajar lah, nimbang ora mbojo ngko ana apa-apa tiyang sepuh sing kejeblugan mbak. Ora papa lah sidang apaha, daripada bocah rontang runtung, mboten nopo-nopo. Niku tok resikone nikah dibawah umur. Katah niku sing sidang, kecamatan Wanayasa, ora mung 1, 2, mayoritas. Nek gelem ya sidang, mbarang ora gelem ya nunggu ngasi 19 tahun, sing anding 17 tahun.
Q	16 pak
A	Oh ya 16, saiki ya mbuh lah 17 ya ana mbokan ya sing garep mbojo. Tapi ya mbuh lah oleh apa ora
Q	Berarti Ika kalih suami sing nyuwun nikah nggih pak?
A	Ya inggih lah
Q	Teras bapak setuju mawon?
A	Ya setuju, nggih.,
Q	Nek teng mriki wonten mboten pak sing menikah muda teras sampun mapan ngaten?

A	Nggih wonten, wong wonten sing dereng mbojo sampun dibangunaken griyo. Sing mampu, mbak. Nek sing ora mampu ya dinggo ndingin nggo harian, wong ekonomine pas. Kae ana umah, dinggoni bae, kiye nyah tak wei modal nggo sangu urip. Kadang kados niku tiyang dusun
Q	Wonten nggih pak berarti, nah nek kados niku dados contoh ngge ngendikani Ika mboten pak?
A	Kulo tah mboten niku, pikirane sekolah ndingin
Q	Oh bapak pingine Ika sekolah rumiyin?
A	Nggih, SMP, teras lanjut SMA tapi bocahe sing wes tergoncang karo wong lanang. Sing lanang kepripon, mboten ngalahi, nek kon meksa malah repot. Bocah sekolahe malah ora fokus
Q	Berarti bapak manut mawon kalih keputusane?
A	Nggih lah
Q	Menurut bapak pernikahan muda sesuatu sing apik mboten pak?
A	Ya jane si sae si sae tapi li ngurangi umur, ngurangi masalah sekolah, ajeng ngelanjutaken sekolah, mboten, karena wes ketengkel karo istilahe pacar. Ya ora bisa sekolah duwur. Arep sekolah SMA ya ora bisa, wong wes keserang pikiran karo pacar. Kui rata-rata mbak, mayoritas. Langka sing kasi bertahan tekan SMA, kelas 3 mbojo, kadang-kadang durung lulus be wes njaluk mbojo. Undang-Undang si kados niku waune 19 tahun, 20 tahun. Tapi keadaane kepripon malih. Jane si saene ya sekolah ndisit lah.
Q	Teras mboten nunggu ngantos angsal mawon usiane ngge nikah pak?
A	Ya wedos mbak, wong sampun runtang-runtung kados niko. Mbok kejoblogan, hamil ndisit malah tiyang sepuh sing bingung mbak. Dados ya mending ngalahi sidang lah. Sing sidang katah niko, 20an ana mbokan.
Q	Bareng-bareng nopo pak saking mriki?
A	Iya bareng-bareng. Paling pindo rampung, apa ping telu. Kathah niku mbak. Nek arep ngelacak sing pernikahan dini lah katahah nang Wanaraja mbak.
Q	Wanaraja sampun nate wonten sosialisasi tentang pernikahan dini dereng pak?

A	Teng mriki? Dereng nate nopo nggih
Q	Oh ngaten nggih pak, sampun sih pak niku mawon kulo tangled-tanglede. Maturnuwun sanget, pangapunten kulo dados mengganggu, ngerepoti teng mriki.
A	Mboten lah, nek teng ndesa li kados niki malah dadi sedulur.

Transkrip Wawancara Orang Tua Nita Kurniawati

1. Transkrip Wawancara Informan Ibu (Tunah)

Q	Nyuwun sewu asmanipun sinten bu?
A	Tunah
Q	Usiane pinten bu?
A	Sekitar 35, wong anu 85
Q	85 nggih bu. Pekerjaane nopo bu?
A	Kulo ya ibu rumah tangga
Q	Tapi biasane tani mboten bu?
A	Nggih, biasane teng wana
Q	Ngriki mlebeta alamat pundi bu?
A	Tempuran, RT 3/5
Q	Wonten nomer telpone bu?
A	085319478703
Q	Bu nyuwun sewu, pendapatane pinten bu?
A	Nek tani ya mboten mesti si mbak, kadang rugi kadang bati.
Q	Kinten-kinten pinten bu sebulan nopo perhari?
A	Ya paling-paling sepotong ya sejuta mbokan
Q	Sebulan niku bu?
A	Sepotong ya 3 bulan
Q	1 juta 3 bulan bu?
A	Iya, tapi li mboten menentu, anu setahun sepisan nek tani ka. Wonten sampingan, paling-paling li niko, jagung tanami jagung paling. Masalah pendapatan, arto paling setahun sepisan
Q	Setahun sepisan nggih bu? kinten-kinten pinten bu?
A	Ya angger lagi lobis rame bisa 5 juta, apa timun bisa 500 ewu
Q	Niku pertahun bu?

A	Ya ora mesti, kadang semono kadang ora. Kadang payune kur 500. Setahun sepisan tandurane si, tunggale kan jagung, Lombok juga ora mesti sih. Nek tani pancen anu ora menjamin paling amben dina kena nggo mangan lah.
Q	Berarti nek sebulan 1 juta wonten bu?
A	Ya sekitare, misale digawe rata-rata mungkin kan. 5 juta bisa lewih ya bisa kurang. Pokoke 3 bulan kira-kira 1 juta anu kui be anu ora mesti. Ngandelaken apa si wong tanduri ora padane. Paling setahun kaya ngono lah, nek tani kaya ngono wong setahun sepisan sih.
Q	Nita nggih putrine ibu? Berarti sampun berapa lama menikahe?
A	Berarti siki wes 19, berarti mau 4 tahun.
Q	Mau 4 tahun nggih. Usiane pinten pas nikah?
A	Pas nikah 15 tahun.
Q	Nek suamine?
A	18 tahun, sidang sedanten dua-duanya.
Q	Nek ibu menikahnya usia berapa?
A	Kulo 15 nopo nggih, sami kali Nita.
Q	Tapi ibu ngertos minimal usia menikah pinten?
A	Ya ngertos 16 bilih, tapi ya mbarang nyatane keprige sih le daripada kecolongan. Soale teng mriki wonten sih sing kados niku
Q	Wonten sing kados niku teng mriki?
A	Nggih wonten, wong tua mboten setuju akhire kan mbendung riyen. Lha mulane kan kados niku, wong tua bingung. Daripada dadi fitnah karo ora genah ya suka diijabna. Hehehe
Q	Tapi nek ibu sebenere setuju mboten kalih nikah muda?
A	Setuju
Q	Nek Nita niki kagungan kepinginan ngge melanjutkan sekolah nopo mboten?
A	Waune si pingin ngelanjutake sekolah MTs, teng Sawalan tapi mboten kelaksana. Wong waune mboten kagungan dana. Jane si pancen gratis, gratis apaha waune kan jan bener-bener rekasa mboten saged nyekolohen lare, malah ken momong rayine teng nggriyo
Q	Berarti Nita lulusan nopo bu?

A	SD
Q	Ibu terakhir sekolah nopo?
A	Kulo nate sekolah SD niku, tapi mboten lulus
Q	Oh ngaten. Tapi ibu mengarahkan Nita supaya sekolah?
A	Lha waune mboten wonten biayane ya anu bingung. Nek wonten biayane ya pingin. Ibarate nggo mangan saben ndina be bingung, waune..
Q	Berarti sing menyarankan Nita ngge menikah sinten bu?
A	Ya wong anu, ya sekeluarga. Wong anu sing marakna kan brendane senenge, dadi daripada ya kui kaya sing tak domongna mau mbok ana kejadian sing ira-ora kan lewih apik ya dinikahaken.
Q	Berarti nggih ibu menyarankan ngge dinikahaken?
A	Ya nggih juga, wong tua kan khawatir.
Q	Berarti Nita pas mengambil keputusan ngge menikah nggeh juga mempertimbangkan saking ibu juga?
A	Ya priipun nggih, wong ya anu bocahe anu pada-pada seneng si dadi ya kui njaluk mbojo mawon
Q	Faktor ekonomi ngaten bu memengaruhi ngge menikah? Maksud nek sampun menikah kan Nita sampun dados tanggung jawabe suamine..
A	Nek masalah niku si anu mboten dipikiraken. Mboten kon mbojo muda karena ekonomi niku ya mboten. Ya jane sing jelas masalahe wong tua khawatir lah
Q	Nek faktor agama bu? kados wedos zina nopo wedos fitnah ngaten memengaruhi ngge menikah mawon mboten?
A	Nah mulane niku, sing diwedosaken kan zina, daripada zina, ora oleh apaha suka dibojokna, daripada zina si
Q	Tapi nek lingkungan mriki mendukung ngge menikah muda mboten bu?
A	Daerah mriki kathah sih mbak. Ya anu ana si sing pada sidang-sidang ora kur anake nyong tok, akeh sing kaya ngono. Asale niku wonten kejadian, contone wong tua ora setuju, akhire apa? Durung-durung wes meteng 5 wulan. Lha terus misale pemerintah anu ora oleh apahan

	<p>sing wirang wong tuane apa pemerintahe? Sing dosa pemerintahe apa wong tuane? Ya kan? Kan sing dosa mungkin wong tuane ora teyeng ndidik anak, sing isin kan wong tuane. Lha daripada kejadian kan ora kena dikiran, dipenging, diperintah wong tua. Walaupun sebagai orang tua kan ora ngomongi awan mbengi. Kadang wong tua lagi ngalas, anak nang umah ora ngerti keprige. Kadang anak jere lagi dolan nggone wane apa nggone sapa jebule sing ora-ora. Ya si semoga si aja, Cuma nek sebagai wong tua nek wes gede khawatiran kaya kui mesti ana. Masalaha ana kejadian ngene sih. Mulane lewih apik supaya diijabna bae si.</p>
Q	Ngaten nggih bu, Nek anggapan tentang perawan tua tasih wonten mboten?
A	Nek perawan tua mriki mboten wonten. sing marakna ya kui si mungkin masalah pergaulan, wong ndesa pacaran. Ya ana sing bisa jaga diri ana sing malah ibarate kebobolan. Lha cuman ya kui domongi wira-wiri nek ngomongna masalah anu perawan tua ya ora ana sing marakna anu isih cilik dinikahna suka sidang apaha daripada kae si kejadian. Lha iki sing meteng 5 wulan kan nembe 16 tahun. Lha akhire ya tetep ya ijin.
Q	Ohh, sampun nopo dereng?
A	Lha sampun ture niku nembe
Q	Nek nikah siri teng daerah mriki wonten mboten bu?
A	Nek teng mriki si mboten wonten sing nikah siri. Ya kebiasaane kados niki, sidang ibarate keputusane wes putus, terus surate metune tanggal 5, terus wong kene kan kejawen, terus iki makane kan kudu ijab tanggal 4. Ya tetep nganggo siri ndingin tapi kan 4 dina langsung ijab resmi nang KUA kaya ngono. Ngene kan ibarate kejawen, nganggo itungan iki karepe wulan iki, dina iki, tanggal iki kaya kui, lha mengko bar kui nembe ngenteni surat metu. Biasane kaya ngono, Cuma ya ana sing wis ijab kaya kui ndingin tapi durung diresmeni.
Q	Berarti perawan tua teng mriki mpun jarang nggih bu, karena teng mriki ya kathah-kathah menikah usia muda nggih? Lha teng mriki sing menikah usia 20 tahun ke atas wonten bu?
A	Mboten wonten, 18 tahun be langka mbokan yo. 1, 2 paling. Sing umum 17, sing 20 perawan kayane wes ora ana loh. Tapi wong rata-rata SMP kelas 2, berarti pirang tahun ya kui 15 paling. Sing paling duwur pancen 18, sing ngasi 20 ora ana
Q	Berarti sebelum 20 mpun pada nikah nggih bu?

A	Lah ya nek wes pada gedhe, hehehe. Lha kulo putune mpun ageng mpun 3 tahun, putrane Nita niku. Ngirki anu wong ndesa si, rata-rata nggih
Q	Nah bu, nganu Nita kan sampun menikah pada usia muda, kadose bahagia mboten sih bu?
A	Bahagia
Q	Ibu nggih bahagia juga nggih?
A	Ya bahagia juga, wong wes due putu hehehe
Q	Mpun kagungan putu nggih hehehe. Berarti nopo sih sing ibu takutkan nek Nita mboten segera menikah?
A	Ya, sing tak takutkan niku bilih kebobolan, sing jenenge tiyang kan mboten mesti. Lha sing ajeng rugi pemerintah nopo tiyang sepuhe? Nek angger cara saniki li berarti wong tuane kudu ketat, wong saniki 19 tahun sih. Wong waune kan tasih 16, tasih saged sidang. Lha nek saniki kan ture mpun mboten.
Q	Nggih bu, karena saniki kan sampun kedah ngagem pertimbangan dokter. Dados kan nek misale usia 14 tahun nopo 15 kan bilih anake pas hamil tubehe mboten saged ngimbangi si bu kesehatane, bilih nutrisine kurang nopo pripun kan melasi juga larene.
A	Lha wong jaman-jaman maune kan isih bisa sidang, ya dianjuraken juga sih nek waktu semono, nek durung oleh umur kena sidang, tapi nek wektu siki mberuh si mbarang wes ana sing ngomong kudu 19 tahun.
Q	Nek Nita ketemu kalih suamine niku ketemu piyambak nopo dijodokna bu?
A	Ketemu piyambak
Q	Pripun bu ketemune?
A	Lha wong lare mriki anu ndesane, tetanggane lah
Q	Oh ngaten, teras dados sering dolan bareng, dados seneng nggih bu
A	Lah nggih niku, kan wong tua dados khawatir
Q	Nopo sing diharapkan ibu kalih pernikahane Nita?
A	Ya sing penting bahagia
Q	Nek pernikahan muda berarti teng mriki wajar bu?

A	Ya waune si wajar, lha angger saniki wonten Undang-Undang sing 19 tahun niku duko ngenjang badhe wajar nopo mboten niku. Waune kan pas larene kulo sidang minimal 16 tahun, lha larene kulo kan nembe 15, kan berarti kaceke 1 tahun. Lha nek saniki kan kudu 19, lha nek misal umur 16 ka mbojo mberuh kui
Q	Deneng mboten ngentosi pas 16 mawon bu?
A	Waune? Nah ya tak domongi niku kulo wedos hehehe
Q	Nek nyuwun dispensasi gampil bu? pas sidang niko?
A	Oh pas sidang? Si gampil niko, pas Nita bilih si ya gampil. Lah wong kulo tiyang bodo si lah, ramane padane. Tapi li anu suka takon daripada prentah wong. Njajal karo pengalaman kaya ngono
Q	Berarti putrane pinten bu?
A	2, Nita niku kalih Nadia
Q	Tasih sekolah Nadia?
A	Nggih kelas 3 SD
Q	Nah bu, ibu peduli kalih pendapatate tetangga mboten bu?
A	Mboten lah, wong anu urusan karo tetangga anu ibarate kurang lewih ora aweh, sing diurusi awake dewek
Q	Nek sebelum Nita nikah Ibu ketemu saben ndinten kalih Nita nggih?
A	Nggih saben ndinten
Q	Biasane nopo mawon bu sing diobrolaken?
A	Anake nyong anu pendiam si ya, cuman kan gerak gerike ngerti kepriwe. Nek kalih larene ya mboten nate cerita tentang calone ya mboten, paling ya ngobrol biasa. Dong wes garepan lamaran lah kui nembe cerita-cerita.
Q	Tapi nek aktivitas keseharian cerita bu?
A	Ya cerita momong adine, nyong cerita sekang alas. Nek cerita tentang calon lanange ora, cuman kan wong tua paham.
Q	Nek tentang sekolah bu?

A	Sekolah lah wong si anu tekan SD tok. Tapi jane kan pas mbiyen arep ngelanjutaken sekolah, tapi wong keadaane keuangan ora memungkinkan. Nyong juga padane nek ora buruh bingung, kae pan njajan bingung. Akhire kae kon momong nyong buruh, kaya ngono
Q	Oh nggih. Nek cerita tentang temen-temen ngaten cerita bu?
A	Mboten, wong carane Nita li anu bocahe meneng. Nek ora penting banget ora ngomong kaya ngono
Q	Biasane kan kadang cerita-cerita nggih bu, niku ibu reaksine pripun? Kasih masukan nopo pripun?
A	Ya niku, nek misale cerita sing calone nggih tak takeni ko seneng temenan karo kae. Kui be ngomonge ibarate pas garep mangkat. Nek mau-maune ora pernah
Q	Nek Nita cerita mboten kepinginane nopo mimpine ngaten bu?
A	Ya pingin sekolah niku, cuman kan ya kaya sing tak ceritakna niku, ibarate nggo mangan karo njajan adine bae bingung. Si anu pancen gratis, tapi kan nggo sanguine nggo tuku buku kan ora nana kaya ngono nah akhire kan momong sing cilik. Nyong buruh, ramane buruh
Q	Ibu menawarkan ke Nita bade kerja nopo menikah nopo pripun?
A	Ya nggih sampun mbak, tapi lha niku nyuwune nggih menikah
Q	Ibu biasane cerita mboten kalih Nita, nek kehidupan pernikahan kados niki niki niki
A	Ya paling si ngomongi, iki seneng-seneng dewek nek ana apa-apa aja nyalahna wong tua kan kaya ngono. Lha mulane sing dikhawatirkan nek ora nikah-nikah kan mbok ana apa-apa wong wes berandene pada seneng. Lha wong tua kan anane gari ndukung bodoa wong wateke wes seneng, yawes ora papa lah mending nikah muda
Q	Nggih bu, nek cerita nek mangke mpun dados istri ngapain aja?
A	Ya mesti kan, wong padane kan melu wong ora kena dolan mulus, nek ana pegawean ngumah ya kudu cekat-ceket. Isuk-isuk ya ibarate ya kaya wong nang umahe dewek, mbuh ngumbahi, mbuh nggawe pangan, mbuh ngapa, wong lanang meng nggega ya ngintil, ya kaya ngono warai
Q	Berarti nggih Nita manut nggih kalih ngendikane ibu?

A	Ya si anu niki Nita lare manut, si anu meneng ora gelem cerita anu nek misale ibarate nyong sayah banget lah ibarate ngomong kaya kui anu ora. Dadi ne kana apa-apa kui meneng, nek padane cerita kaya ngene kaya ngene anu ora. Meneng bocahe
Q	Nek ibu biasane memberikan contoh sae kalih sing kirang sae pasangan sing sampun nikah muda?
A	Mboten sih, paling nek sing durung nikah paling. Aja nikah muda, suka ngenteni umur, nek pikirane durung temua, urung mateng, aja suka ngenteni perawane daripada igin cilik mbojo. Nek nyong siki sarane kaya kui nek nyong siki. Nek mbiyen ora pernah nyong ngurusi urusane batire, ngurusi anake dewek tok cuman kan ndue rasa kedohong apa ngapa si ora, cuman ya ndelengna bocah bahagia tapi ka ya bocah semono ka wes due anak rasane nang ati, paling kaya ngono tok. Siki kan ibarate due tetangga, igin cilik garep mbojo, jare dingu wong durung gelem apa prige kadang nyong sempet ngomongi lah aja giri, suka ngenteni wes temua, wes gedi. Nek siki nyong kaya kui. Ana sing isih 16, tak ngomongi meng biyunge “aja mbak, isih semana melas, suka ngenteni gede, ngenteni umure wes akeh, wes temua carane nek cilik kui pikirane durung temua ne kana apa-apa durung bisa nyaring. Ora malah kon ngangkon tanggane ben cepet mbojone, suka sidang pahan, ora. Soale nyong wes ngelakoni dewek anake wes disidangkan. Melas, nek masalah bahagia si bahagia maksude nyong bisa ngematna nek bocah ora bahagia kan mungkin wong tua kan ngerti
Q	Berarti sing teng mriki wonten mboten sih bu sing nikah muda teras mpun pisah?
A	Sing pegatan? Mboten wonten sih teng mriki
Q	Berarti menikah muda menurut ibu sae mboten bu?
A	Mboten, asale kulo mboten cita-cita. Kulo nggih tasih gadah lare alit wadon setunggal, tapi ya kulo nyuwune moga-moga nikahe pas wes umur, ya paling ora 18, minim minime. Nek maune si anu ora ngerti apa-apa ya mbak, tapi nek setekane siki bocah bahagia kan ya Alhamdulillah bae. Tapi igin ana adi siji kan ya anu aja lah mendingan nunggu dewasa.
Q	Keinginan menikah niku saking Nita nopo saking pundi?
A	Sekeluarga sih jane mbak mboten hanya salah satu niku mboten, saking pihak sing jaler nggih saking mriki juga.
Q	Nek teng mriki sampun wonten kados sosialiasasi tentang pernikahan muda dereng bu?

